



PENILAIAN TENGAH SEMESTER (PTS) GASAL

TAHUN PELAJARAN 2024-2025

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : IX (Sembilan)

Hari/Tanggal :
Waktu :

I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi menehi tanda ping (X) ana sawijining jawaban sing kok anggep bener !

Wacan ing ngisor iki, kanggo mangsuli pitakon nomer 1-4

Anoman Dhuta

Dewi Shinta wis klakon di boyong dening Rahwana menyang Kraton Ngalengka. Dewi Shinta dipapanake ing Taman Kaputren. Sang Dewi ora gelem mangan lan ngombe mulane awake dadi kuru aking. Rambute kang dawa katon kaya gimbal amarga suwi ora adus. Lunga menyang ngendi wae, Dewi Shinta tansah nyangking cundrik kanggo njaga keslametane. Ing taman mau Dewi Trijatha kasil ngerih-ngerih lan ngalipur Dewi Shinta supaya gelem mangan. Dewi Trijata arupa ayu lan alus bebudine, ora kaya buta Ngalengka. Umpama ora ana Trijatha Dewi Shinta wis mati suduk salira. Kanthi anane Trijatha Dewi Shinta dadi jembar segarane.

Salah sawijining dina, Ramawijaya saperlu golek sisik melik/mata-mata ngenani kaanane Dewi Shinta, kang diutus dadi dhuta yaiku kethek putih kang arane Anoman. Anoman wis dadi dhuta/ utusane Ramawijaya, mula banjurnjujug menyang Kraton Ngalengka. Ing kono anoman bisa nemoni Dewi Shinta lan Dewi Trijatha, malah bisa ngaturake ali-aline Sri Rama menyang Dewi Shinta. Sawise oleh sisik melik lan kaanan liyane, anoman ya kethek putih banjur bali. Nanging nalika arep pamit konangan para prajurit Ngalengkadiraja, lan dirangket nuli disowanake marang Rahwana. Dening Rahwana, Anoman kapatrapan paukuman yaiku bakal diobong ing alun-alun Ngalengka. Ngadhepi kahanan kaya mangkono, Rewandesta utawa Kapiseta tatag tanggon tanpa miris, tanpa grigig manaehe. Ing batine kabeh perkara kang bener bakal pener lan perkara kangsalah bakal seleh. Iki minangka watak ksatriya kang patut ditiru. Ora grigik marang paukuman, nanging paukuman kang wedi marang bebener.

1. Kanggo nggoleki sisik meliknggenani Dewi Shinta, Ramawijaya ngutus Kethek Putih kang arane ...
 - A. Rahwana
 - B. Anoman
 - C. Ramawijaya
 - D. Dewi Trijatha
2. Kepriye kahanan Dewi Shinta sawise diboyong menyang Kraton Ngalengka ?
 - A. dhewekan ing Taman Kaputren
 - B. ngalamun katon sedhik lan mrihatenaken
 - C. awake kuru aking, rambute gimbal, ora tau adus

- D. seneng banget amarga arep digarwa dening Rahwana
3. Sawise kapethuk Dewi Shinta, Anoman didhawuhi ...
- A. enggal mulih
 - B. ngaturake ali-ali
 - C. ngadhep Rahwana
 - D. sowan kraton Ngalengka
4. Kanthi anane Dewi Trijatha, Shinta dadi jembar segarane.
Tembung jembar segarane tegese
- A. sabar
 - B. setia
 - C. prihatin
 - D. nelangsa
5. Serat wulangreh iku anggitane
- A. Susuhan Pakubuwana IV
 - B. Susuhan Pakubuwana V
 - C. Sultan Hamengkubuwana IV
 - D. Sultan Hamengkubuwana V
6. Kang ora kalebu paugerane tembang macapat yaiku
- A. Guru lagu
 - B. Guru gatra
 - C. Guru swara
 - D. Guru wilangan

Wacan kanggo mangsuli pitakon nomer 7-11

lamun ana wong micareng ngelmi,
tan mupakat ing patang prakara,
aja sira age-age,
anganggep nyatanipun,
saringan dipun beresih,
limbangan lan kang patang,
prakara rumuhun,
dalil, qadis, lan ijemak,
myang kiyase papat iku salah siji,
anaa kang mupakat.

7. Pethilan tembang saka Serat Wulangreh kasebut kalebu tembang macapat
- A. Pangkur
 - B. Gambuh
 - C. Kinanthi

- D. Dhandhanggula
8. Guru wilangan lan guru lagu gatra kaping lima yaiku
- A. 5i
 - B. 6i
 - C. 7i
 - D. 8i
9. Lamun ana wong micareng ngelmu. Gatra kasebut tegese
- A. yen ana wong ngelek-elek ngelmu
 - B. yen ana wong kang bodho ngelmu
 - C. yen ana wong kang rebutan ngelmu
 - D. yen ana wong kang micara bab ngelmu
10. ... tan mupakat ing patang prakara. Kang dikarepake patang prakara yaiku
- A. Qur'an, dalil, hadis, ijemak
 - B. Qur'an, dalil, hadis, kiyas
 - C. Dalil, hadis, ijemak, kiyas
 - D. Dalil, mupakat, ijemak, kiyas
11. Saringana dipunbaresih, tegese
- A. disaring banget
 - B. disaring kanthi teliti
 - C. dipilih-pilih kanthi teliti lan cepet
 - D. dipilih-pilih kanthi tumemen nganti resik
12. Aku. kowe, dheweke, sampeyan, kalebu jinising tembung
- A. kriya
 - B. sifat
 - C. sesulih
 - D. panggandheng
13. Ora kaya buta Ngalengka liyane, Dewi Trijatha arupa ayu lan alus bebudine. Tembung ayu lan alus budine ing ukara kasebut minangka jinising tembung
- A. aran
 - B. sifat
 - C. kriya
 - D. pangilah
14. Mas Prabu sanajan wong ora duwe, lan ora pakra ananging pinter, mula akeh wong padha mara takon marang dheweke. Kahanan kaya mengkono salokane yaiku
- A. bathok bolu isi madu
 - B. baladewa ilang gapite
 - C. bebek mungsuh mliwis
 - D. kacang ninggala lanjaran

- A. aji godhong jati garing
B. nututi layangan pedhot
C. ancik-ancik pucuking eri
D. wenahi ati ngrogoh rempela

- || အာရုံကျစာစီစဉ်း ၁၁၂၁ ||

A. Cacahe Siswa 168
B. Cacahe Siswa 167
C. Cacah Siswa 168
D. Cacah Siswane 167

- II. ဖြေရှင်းချက်ရှာရန်: ကိစ္စ ၁၀:၇၂ ပုံစံဖြင့်

A. Tuku buku rega 9.500 rupiyah
B. Tuku buku rega 1.400 rupiyah
C. Tuku buku rega 1.500 rupiyah
D. Tukune buku rega 1.500 rupiyah

- ၇၀၈၈၇

A. 2021
B. 2912
C. 3013
D. 2012

- A. ၂ ၀ ၂ ၆

Pilihana 2 bae wangsulan kang bener pitakon ing ngisor iki !

- 

- A. Dewi Shinta kasil diboyong Rahwana menyang Kraton Ngalengka
 - B. Sugriwa dadi utusan Ramawijaya kanggo nggoleki Dewi Shinta
 - C. Dewi Trijatha kuwi buta Ngalengka kang wengis, kejem, lam medeni
 - D. Dewi Trijatha kasil ngarih-arit lan nglipur Shinta supaya gelem mangan
21. Ukara ing ngisor iki kang nggunakake jinising tembung aran yaiku
- A. Dewi Shinta nelangsa banget uripe ing tangane mungsuh
 - B. Anoman kasil ngaturake ali-ali Sri Rama marang Dewi Shinta
 - C. Anoman kapatrapan paukuman diobong ing alun-alun Alengka
 - D. Dewi Shinta tansah nyangking cundrik kanggo njaga keslametane
22. Ukara ing ngisor iki kang ana sesambungane karo tembang Dhandhanggula yaiku
- A. Saben sapada ana 9 gatra
 - B. Cacahe tembang ana 7 pada
 - C. Isine babagan tata carane golek guru
 - D. Duweni watak luwes lan ngresepake
23. Paugeran tembang macapat yaiku
- A. Guru gatra yaiku cacahing larik saben sapada
 - B. Guru lagu yaiku tibaning swara saben sapada
 - C. Guru swara yaiku tibaning swara saben sagatra
 - D. Guru wilangan yaiku cacahing wanda saben sagatra
24. Babagan kang kudu digatekake nalika nggancarake tembang yaiku
- A. Negesi tembung-tembung sing angel
 - B. Ngudari tetembungan kang arupa tembung sandi
 - C. Saben sapada didadekake pirang-pirang paragraph
 - D. Nggoleki paugerane tembang kang kaiket kanti ringkes
25. Pilih panulisan angka jawa kang bener miturut paugerane....

- A. || ୩୩୩୩ : ୨ : ୧୦୦୦ || ୩ : ୩୩୩୩
- B. || ୩୩୩୩ ୩୩୩୩ ୩୩୩୩ : ୨୦୦୦ ||
- C. || ୩୩୩୩ ୩୩୩୩ ୩୩୩୩ : ୩୩୩୩ : ୩୩୩୩ ୩୩୩୩ ||
- D. || ୩୩୩୩ ୩୩୩୩ ୩୩୩୩ : ୩୩ ୩୩୩୩ ||